

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Montan Kontravansyon		
Premye Ofans	Dezyèm Ofans	Ofans Annapre yo
\$210	\$410	\$810

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman apre yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwad retansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou estasyonman/antrepo machin rekreyatif yo ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priyorite sou Kòd Ôdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvín, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

355-1415-158

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



Estasyonman/ Antrepo Machin Rekreyatif



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Règleman konsènan Estasyonman oswa antrepo

Machin Rekreatif (RV) ak Ekipman pou Kanping ki sou fòm trelè pou vwayaje ak trelè pou fè kanping, kamyon remòk ak mezon mobil, ke yo konsèwa ak itilize kòm lojman tanporè pou lwazi, pou kanping, oswa pou vwayaje, yo ka estasyon yo anplennè sou anplasan ki gen rezidans pou yon sèl fanmi oswa rezidans diplèks, depi kondisyon swivan yo satisfè:

- 1** Pa dwe gen pliske 1 RV oswa Ekipman pou Kanping ki estasyon sou pwopriyete a.
- 2** Estasyonman sa a limite a machin mèt pwopriyete an kesyon an/lokatè pwopriyete an kesyon an posede oswa lwe oswa yon machin yon envite de bòn fwa mèt pwopriyete/lokatè pwopriyete a ki abite andeyò Konte Miami-Dade posede oswa lwe, lèfini se pou ekipman sa a ki pou envite a pa estasyon pandan pliske 14 jou.

3 Se pou yo remize/estasyon machin lan nan lakou dèyè a oswa nan lakou sou kote a dèyè yon liy yo etabli apatide liy demakasyon avan an e ki pi lwen lari a, men ki pa dwe janm sou devan liy demakasyon avan an. Jande ekipman sa a fèt pou li lwen limit pwopriyete sou kote a, omwen a yon distans ki ekivalan a limit distans sou kote yo ekzije pou bilding prensipal la epitou se pou li lwen limit pwopriyete aryè a yon distans de omwen 10 pye.

4 Se pou ekipman sa a ak zòn estasyonman an toujou byen netwaye, pwòp, e nan yon kondisyon prezantab e se pou ekipman an toujou nan yon bon kondisyon fonksyonman.

5 Se pou ekipman sa a toujou gen yon plak imatrikilasyon ki ajou, sou li.

6 Yo entèdi pou gen okenn gwo reparasyon oswa travay amajman ki fèt sou ekipman sa a oswa ki fèt sou pwopriyete a.

7 Lè yo estasyon ekipman an sou yon pwopriyete, yo pa dwe itilize l kòm rezidans pou lojman oswa pou dòmi, ni pou antretyen menaje oswa kòm antrepo; ni nonplis tou fòk yo pa konekte liy koneksyon sèvis ladann, esepite si sa nesesè detanzantan pou antretyen ekipman ak aparèy.

8 Se pa pou ekipman an depase 30 pye nan longè e se pa pou wotè maksimòm li depase 10 pye.

9 Se pou ekipman an byen sekirize defason pou l pa vin yon danje oswa yon menas pandan peryòd ki gen gwo van oswa pandan peryòd siklòn.

10 Yon vandè (konsesyonè oswa patikilye) kap vann ekipman nèf oswa izaje sa a, fèt pou l soumèt e pou l anekse a ekipman an, yon kopi konfòm sou-seksyon 33-20(f) nan Kòd Odonans Konte Miami-Dade la.

Aplikasyon règleman yo

Tout estasyonman oswa antrepo Machin Rekreatif ki an vyolasyon ak Seksyon 33-20(f) nan Kòd Odonans Konte Miami-Dade la, ka lakòz yo bay yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsab final pou l konfòme l a règleman yo.

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgres li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kontravansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Odonans Konte Miami-Dade la.

Al gade nan Seksyon 33-20(f) nan Kòd Odonans Konte Miami-Dade